

Premye fwa mwen pran konesans sou Seri Lidèchip Finding Your Footing (FYF) – (Jwenn Plas Ou) se pandan mwen t ap li yon Mizajou Kontak Paran an fevriye 2021. Kòm mwen se yon manman twa (3) pitit, youn ladan yo gen bezwen medikal konplike ak plizyè andikap, mwen di tèt mwen “Mwen BEZWEN fòmasyon sa a!” Mwen te oblije tann yon ane pou m te rantre nan kòwòt (sesyon) la, sa te vo lapèn tann. Objektif pèsònèl mwen lè mwen rantre nan FYF la se te jwenn yon fason efikas pou kominike eksperyans nou. Mwen akonpli li, epi mwen aprann tèlman plis. Atravè FYF mwen te bati relasyon (vityèlman tou) epi mwen elaji pèspektiv mwen sou eksperyans lòt fanmi k ap leve yon timoun ki gen andikap pou wè kijan yo navige tout sistèm yo. Epitou, mwen aprann anpil sou tèt mwen (fòs ak feblès mwen), sa ki vreman pèmèt mwen kontinye aprann defann pitit fi mwen. Opinyon mwen sou seri Lidèchip FYF la, li vo plis pase angajman tan li mande epi fòk tout moun pran li!